

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana pedaran saméméhna, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun struktur carita ngagunakeun tiori Robert Stanton nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Sarta maluruh aspék sosiologi sastra nu ngagunakeun tiori Rene Wellek, kalayan ngawengku sosiologi pangarang, sosiologi karya, jeung sosiologi nu maca, dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana, anu satuluyna dipatalikeun pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMP.

Novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana nya éta salah sahiji novél nu nyuguhkeun carita ngeunaan usaha budak nalika nyanghareupan kahirupan dina dunya atikan, kalawan dibarung ku sagala bungbuna. Ieu novél nyaritakeun perkara usaha jeung kanyaah nu karandapan ku palaku utama, kalayan kaayaan jeung status kulawarga nu geus teu ngarojong kana kahayang jeung cita-citana. Ieu novél téh ngandung konflik, boh sacara nyata boh konflik batin tokohna. Ieu hal jadi daya irut pikeun nu maca. Lian ti éta, pangarang kalawan apik nepikeun carita ngagunakeun gaya basa nu basajan, sarta gampang dipikaharti ku nu maca, hususna keur budak.

Téma tina ieu novél nya éta usaha jeung kanyaah. Usaha dina nyuprih pangarti, sok sanajan kaayaan status kulawarga jeung kaayaan ékonomi nu teu nyukupan, tapi tokoh tetep suhud jeung tigin dina neruskeun hirup, uatamana dina diajar. Nu antukna ngadatangkeun rupa-rupa kanyaah ti sababaraha urang, sarta méré kauntungan jeung hasil pikeun manéhna.

Unsur galur nu aya dina ieu novél téh nya éta *backtracking*, *foreshadowing*, *suspense*, jeung *konflik*. Tokoh-tokoh nu aya dina ieu novél kawilang loba, tapi nu kaasup tokoh utama aya dua, nya éta Nia jeung Pa Yana. Anapon nu kaasup tokoh tambahan nya éta, indungna, Apa, Iyan, Salma, Wina, Résty, Pa Héndra, Pa

Kepala Sekolah, Pa Camat, jeung Bu Yanti. Disebut tokoh tambahan lantaran ngan aya dina sababaraha bagian carita, sarta henteu miboga peran penting dina unggal bagian carita. Kapanggih sababaraha latar tempat nya éta, di kelas, Ruang Kepala Sekolah, Ruang Guru, sakola, lapang upacara, kamar, lawang kamar, Dapur, Imah Nia, Warung, Perpustakaan, Kantor Kecamatan Banjarwangi, Gedung Aula Kabupatén, jeung Riung Ranggon, jeung kapaluruh ogé rupa-rupa latar waktu, sarta latar sosial, nya éta kahirupan sapopoé. Nu sacara husus ngagambarkeun kahirupan sosial masarakat handap dina dunya atikan. Tilikan pangarang nu digunakeun nya éta jalma katilu teu kawatesanan, kalayan laluasa nyaritakeun unggal tokoh nu aya dina carita. Gaya basa nu kapanggih dina novél nya éta gaya basa rautan, gaya basa rarahulan, gaya basa kadalon, gaya basa ébréhan, jeung gaya basa sindir.

Aspék sosial nu dipaluruh dina novél ngagunakeun pamarekan sosiologi sastra, kalayan ngulik jeung medar ngeunaan sosiologi pangarang, sosiologi karya, jeung sosiologi nu maca. Analisis sosiologi pangarang tina novél *Béntang Hariring* medar perkara riwayat hirup, status sosial jeung pribadi pangarang, *sosiologi karya*, nu medar ngeunaan analisis aspék sosial dina karyana, jeung *sosiologi nu maca*, nu medar perkara pangaruh sosial karya kana kahirupan masarakat. Dina ieu hal diwakilan ku sababaraha narasumber.

Tina sosiologi pangarang, kapanggih yén Dian Héndrayana kacida mikacinta kana seni Sunda jeung dunya paélmuan, hususna mah dina widang sastra. Éta perkara dipaké tatapakan hirup, lantaran silih lengkepan jeung méré kani'matan dina neuleuman kahirupan. Ti mimiti kelas opat SD, Dian geus ngonsumsi bacaan sastra. Mangsa kuliah, minat kana sastra mimiti tumuwuh jeung beuki kaasah. Ieu kabuktian ku sajakna nu dimuat munggaran dina *Pikiran Rakyat* anu judulna “Citra Resmi”. Beuki dieu, Dian beuki getol nulis karya lianna kayaning carpon, novél, drama, jeung guguritan.

Tina sosiologi karya, novél *Béntang Hariring* leubeut ku téma-téma sosial jeung ajén moral nu ngangkat kahirupan budak dina merjuangkeun sakola. Ieu carita diébréhkeun ku basa-basa nu matak henteu bosen ka nu maca. ngaliwatan gaya basa nu basajan, mantak babari katarima ku nu maca, hususna keur budak.

Lian ti éta aya sababaraha aspék sosial nu kapanggih dina novél *BH*, nu ngawengku ajén bebeneran, ajén moral, ajén kaagamaan, ajén solidaritas, jeung ajén kaéndahan.

Tina sosiologi nu maca, dumasar hasil wawancara jeung narasumber ti tenaga *pendidik*, sasrta data angkét ti 15 mahasiswa jurusan basa Sunda UPI, karya Dian Héndrayana téh mangrupa karya anu réalis, nu caritana nyampak di masarakat urang. Sok sanajan kitu, ieu karya nu réalis téh dibungkus deui ku basa-basa nu puitis anu disaluyukeun jeung sasaran masarakat sastra. Lian ti éta ogé, karya-karya Dian mah mangrupa karya nu dijieun sabada aya prosés mikir nu kréatif. Guluyuran caritana dimamanis deui ku kaparigelan pangarang dina ngarundaykeun kekecapan sarta ngarang carita.

Dumasar kana analisis sosiologi sastra nu tilu éta, bisa dicindekkeun, yén antara unsur nu ngawangun carita teu bisa dipisah-pisah, sabab sakabéhna silih patali, tur geus jadi hiji beungkeutan nu silih deudeul. Lian ti éta, kalayan nyoko kana analisis struktural, panalungtik bisa ngabaladah jeung ngabuktikeun yén kapanggih sababaraha aspék sosial dina novél *Béntang Hariring*, sabada mesék perkara sosiologi sastra. Napak tina hasil analisis, bisa dicindekkeun, yén novél *Béntang Hariring* bisa dipaké pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMP.

5.2 Saran

Sanggeus panalungtikan ngeunaan Struktur jeung Aspék Sosial dina Novél *Béntang Hariring* Karya Dian Héndrayana pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi sastra di SMP dilaksanakeun, panalungtik ngarasa perlu pisan nepikeun sababaraha saran pikeun pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, saperti: masarakat sastra, lembaga paélmuan jeung nu nalungtik saterusna sangkan bisa leuwih gemet deui nalika ngulik perkara sosiologi sastra.

1) Masarakat Akademik atawa nu Maca

Dipiharep bisa ngeuyeuban deui perkara sumber-sumber paélmuan, nu bisa méré mangpaat nu leuwih pikeun kamajuan élmu pangaweruh, hususna dina perkara karya sastra Sunda. Geus sakuduna masarakat akademik melék wacana

utamana kana karya sastra, kaasup dina méré ajén nu leuwih, minangka prosés aprésiasi sastra.

2) Lembaga Paélmuan

Lembaga paélmuan dipiharep jadi wadah nu bisa ngahudangkeun karep sarta hojah kalangan akademik dina maluruh, ngaji, jeung nalungtik élmu jeung karya sastra.

3) Nu Nalungtik saterusna

Hasil panalungtikan téh karasa masih aya kakurangan, pikeun panalungtik nu saterusna dipiharep bisa leuwih maham kana cara nerapkeun sosiologi sastra, nepi ka bisa nganalisis kalayan nyosok jero. Lian ti éta, panalungtik saterusna dipiharep bisa maluruh jeung ngaguar karya sastra ngagunakeun pamarekan séjénna nu leuwih mangpaat.